# HUQÍQÍY TÁRBIYANÍŃ JASLAR TÁRBIYASÍNDA ROLI

**M.Yerejepov –** *assistent oqıtıwshı*
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so'zler:** huquq, majburiyat, tarbiya, sifat, o'qitish, maktab, mahalla, normativ hujjatlar, nızom, huquqiy ong, huquqiy bilim.
**Ключевые слова:** Право, обязательство, воспитание, качество, образование, школа, нормативные документы, закон, правосознание, юридические знания.
**Key words:** right, commitment, education, quality, education, school, neighborhood, regulatory document, the law, legal consciousness, legal knowledge.

Tárbiya máselesi ázelden quramalı process bolıp kelgen. Jaslardıń mádeniyatlı, ádep–ikramlı, aqıllı, watanparwar bolıp qáliplesiwi olarǵa berilip atırǵan tárbiyaǵa oǵada baylanıslı. Oqıwshılardı tárbiyalawda aqılıy, ekonomikalıq, ekologiyalıq, miynet, dene tárbiya, ádep ikramlılıq hám huqıqıy tárbiyalardan paydalanıp kelinbekte.

Ásirese jaslardıń huqıqıy mádeniyatı, huqıqıy sanası qáliplesiwinde huqıqıy tárbiyanıń áhmiyeti júdá úlken.

Jaslardı qabıl etilip atırǵan normativ hújjetlerge húrmet ruwxında tárbiyalaw, olardıń huqıqıy bilimlerin qáliplestiriw hám bayıtıp barıwdan ibarat tárbiya túri bul huqıqıy tárbiya esaplanadı. Huqıqıy tárbiya huqıq hám tárbiyanıń birigiwinen qáliplesken.




**Huqıq** - mámleket tárepinen belgilengen yáki tastıyıqlanǵan ulıwma májbúriy sociallıq normalar sisteması. Huqıq jámiyette hám mámlekette tártipti, turaqlılıqtı, puqaralardıń huqıq hám minnetlemelerin belgilep beriwshi belgilengen normalar esaplanadı.

**Huqıqıy tárbiya** – mámleketlik organlar hám keń jámiyetshiliktiń puqaralardıń huqıqıy bilim, huqıqıy sana, huqıqıy potencial hám huqıqıy mádeniyatın qáliplestiriw boyınsha maqsetke qaratılǵan xızmeti bolıp tabıladı [8].

Huqıqıy tárbiya keń mániste jámiyet aǵzalarınıń huqıqıy sanası hám huqıqıy mádeniyatın qáliplestiriw, shaxs sanasına, onıń huqıq hám minnetlemelerin sińdiriw procesin ańlatadı.

Huqıqıy tárbiyanıń mámleket hám jámiyet rawajlanıwında hámde puqaralıq jámiyeti tiykarların qurıwdaǵı ornı shaxstıń, puqaralardıń huqıqıy bilimi hám kónlikpeleri dárejesi menen belgilenedi.

Sonıń menen birgelikte huqıqıy mádeniyat degen túsinikte bar. Bul huqıqıy mádeniyat jámiyet hám shaxstıń huqıqıy halatında qabıl etiliwi kerek bolǵan ayrıqsha sociallıq hádiyse dep táriyip berilgen bolsa. Al, jámiyettiń huqıqıy mádeniyatı huqıqıy sanasınıń, nızamlılıqtıń, nızamlardı jetilistiriwdiń hám huqıqıy tájiriybeniń belgili dárejesin sáwlelendiretuǵın hám insaniyat huqıq tarawında jaratqan barlıq baylıqlardı qamtıp alatuǵın sociallıq mádeniyattıń bir túri sıpatında qaraladı [9:30].

Mámleketimiz tárepinen jaslardıń huqıqıy tárbiyasın jetilistiriw hám olardıń huqıqıy mádeniyatın qáliplestiriw ushın bir qansha normativ-huqıqıy hújjetler qabıl etilmekte. Atap ótetuǵın bolsaq Ózbekstan Respublikasınıń 2016-jıl 14-sentyabrdegi «Jaslarǵa tiyisli mámleketlik siyasatı haqqında»ǵı 406-sanlı nızamı, Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2022-jıl 28-yanvardaǵı «2022-2026-jıllarǵa mólsherlengen Jańa Ózbekstannıń Rawajlanıw strategiyası haqqında»ǵı 60-PP-sanlı, Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2018-jıl 13-apreldegi «Mámleketlik huqıqıy siyasatın ámelge asırıwda Ádillik organlardı hám mákemeler iskerligin túpten jetilistiriw is-ilajları haqqında»ǵı PP-5415-sanlı, Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2023-jıl 11-sentyabrdegi ««Ózbekstan-2030» Strategiyası haqqında»ǵı PP-158-sanlı, Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2019-jıl 3-maydaǵı «Ruwxıy-aǵartıwshılıq jumıslar nátiyjeligin asırıw boyınsha qosımsha is-ijlar haqqında»ǵı PP-4307-sanlı, Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2019-jıl 9-yanvardaǵı «Jámiyette huqıqıy sana hám huqıqıy mádeniyattı joqarılatıw sistemasın túpten jetilistiriw haqqında»ǵı PP-5618-sanlı pármanlarınıń qabıl etiliwi huqıqıy tárbiyanıń zárúrligi hám onıń aktuallıgın ańlatıp turmaqta.

Ózbekstan Respublikasınıń 2016-jıl 14-sentyabrdegi «Jaslarǵa tiyisli mámleketlik siyasatı haqqında»ǵı 406-sanlı nızamınıń 5-statiyasında jaslardıń huqıqları, erkinlikleri hám nızamlı máplerin támiyinlew, jaslardı watanparwarlıq, puqaralıq sezimi, bawırkeńlik, nızamlarǵa, milliy hám ulıwma insanıy qádiriyatlarǵa húrmet ruwxında, zıyanlı tásirler hám aǵımlarǵa qarsı tura alatuǵın, ómirge bolǵan isenim hám qaraslarǵa iye etip tárbiyalaw, jaslardıń huqıqıy sanası hám huqıqıy mádeniyatı dárejesin joqarılatıw, jaslardıń huqıqları hám erkinliklerin ámelge asırıw tarawında iskerlikti ámelge asırıwshı xalıqaralıq shólkemler menen baylanıstı rawajlandırıw ulıwma alǵanda jaslardıń huqıqıy tárbiya hám huqıqıy mádeniyatın qáliplestiriw boyınsha birqansha normalar belgilep berilgen. Bul bolsa óz gezeginde bilimlendiriw mekemlerinde oqıtıw barısında zamanagóy texnologiya hám metodlardan paydanıwdı, kórsetip ótilgen normalardı ápiwayı tilde jetkeriw, úgit-násiyatlaw jumısların sapalı ámelge asırıwdı talap etedi.

Qabıl etilip atırǵan usı normativ-hújjetler tiykarında tiyisli mákemeler hám keń jámiyetshilik belgilep berilgen wazıypalardı orınlap barılsa jaslardıń huqıqıy tárbiyasınıń jetilisiwine erisemiz.

Jaslar tárbiyasında huqıqıy tárbiyanıń zárúrligi sonda jámiyette hár qıylı buzǵınshı ideyalarǵa, illetlerge, siyasiy burmalaytuǵın shaqırıqlarǵa qosılmaw, qabıl etilip atırǵan normativ-hújjetlerdi tán almaw, mámleketlik nıshanlarǵa húrmetsizlik etiw, basqanıń huqıqların ayaq astı qılıw, óziniń minnetlemelerin bilmew, hár qıylı huqıqbuzarlıq hám jinayatshılıq júz beriw halatlarınıń aldı alınadı. Sebebi, huqıqıy tárbiya berilgen, huqıqıy sanası bar, huqıqıy bilimlerge iye, huqıqıy mádeniyatı qáliplesken jaslardıń qálbine bunday buzǵınshı ideya hám illetler kire almaydı sebebi olar biledi bunıń aqıbeti qanday hákimshilik hám jınayıy juwapkershiliklerge alıp keliwin. Sonıń ushın bul baǵdardaǵı is-ilajlardı elede jetilistiriw maqsetke muwapıq boladı esaplaymız.

Jaslardıń huqıqıy tárbiyasın jetilistiriw ushın tómendegilerdi usınıs etemiz.

1. Jaslardıń huqıqıy sanasın joqarılatıw;
2. Mekteplerde ótilip atırǵan Huqıq hám Tárbiya pánlerin oqıtıwdı sapalı yaǵnıy belgilep berilgen konstituciyalıq hám nızamshılıq normalardı bala tilinde jetkeriw sebebi huqıqıy bilimlerdi hám terminlerdi bala tez qabıl etip alıwında qıyınshılıqqa dus keledi sonıń ushın bul pánlerdi oqıtıw barısında zamanagóy pedagogikalıq texnologiya hám metodlardan paydalanıw zárúr;
3. Mektep hám huqıq qorǵaw organları menen birgelikte alıp barılatuǵın úgit-násiyatlaw jumısların úzliksiz alıp barıw hám elede jetilistiriw (bul barıstaǵı jumıslardıń sanına emes sapasına itibar beriw kerekligin usınıs etken bolar edik) ;
4. Shańaraq-máhálle-mektep integraciyasın kúsheytiw;
5. Mekteplerde huqıqıy tárbiyaǵa baylanıslı sorawlar dúzilgen tańlawlar ótkeriw (bul bolsa huqıqıy bilimlerge iye bolıwına erisiledi);
6. Mektep jámááti, oqıwshı hám ata-analar quramınan ibarat sociallıq tarmaq esaplanǵan telegrammda topar shólkemlestiriw (telegramm gruppada jaslarǵa baylanıslı

siyasat hám qabıl etilge qararlardı ápiwayı tilde túsindiriw, oqıwshı jaslar tárepinen tayarlanǵan huqıqıy tárbiyaǵa baylanıslı videorolikler tayarlap olardı gruppada jarıtıp barıw, mámleket tárepinen jaslarǵa berilip atırǵan imkaniyatlardı jaslardıń baslaması menen intervyuler beriw, huqıqıy tárbiyaǵa baylanıslı onlain viktorinalar ótkeriw, film hám kinolar jaylastırıw hám onı dodalaw);

7. Oqıwshılardıń huqıqıy bilimlerge bolǵan qızıǵıwshılıǵın arttırıw arqalı olarda huqıqıy bilimlerdi qáliplestiriw (bul bolsa jámiyette jaslar arasında bolıp atırǵan hárqanday tártip buzarlıqlar, huqıqbuzarlıqlar júz bermewine erisiledi).

8. Klasstan hám mektepten tısqarı jumıslarda huqıqıy pánler dógeregi, tańlawlar, keshelerdi turaqlı shólkemlestiriw hám bul barıstaǵı jumıslardı qatań qadaǵalawǵa alıw.

Joqarıda aytıp ótilgen usınıslardı mekteptiń ruwxıylıq-aǵartıwshılıq isleri, oqıw isleri boyınsha direktor orınbasarları hám tárbiya, huquqtanıw pán muǵallimleri tárepinen shólkemlestirip barıw maqsetke muwapıq boladı dep esaplayman. Atap ótilgen usınıs-pikirler oqıtıw barısında qollanılsa málim dárejede jaslardıń huqıqıy tárbiyasın qáliplesiwine erisiwimiz múmkin.

Huqıqıy demokratiyalıq hám puqaralıq jámiyet qurıwday ullı maqsetimiz bar eken keleshegimiz esaplanǵan jaslardıń huqıqıy tárbiyası hám huqıqıy mádeniyatın qáliplestiriw hám joqarılatıw eń tiykarǵı wazıypalarımızdıń biri bolıwı tiyis. Sebebi XXI ásir informaciya ásiri, globallasıw ásiri, texnologiya ásiri dep táriyip berilgen bul óz gezeginde qos tırnaq ishindegi buzǵınshı kúshlerge jaslardıń sanasın, qálbin iyelewge imkaniyat beredi. Sonıń ushın yadro poligonlarina qaraǵanda ideologiyalıq poligonlardıń tásiri artıp barılmaqta dep biykarǵa aytılmaǵan. Bizge málim yadro qural arqalı bolǵan soqqınıń aqıbetinde qansha zıyanlar kóriliwi ashıq aydın biliwge boladı al ideologiyalıq alıp barılǵan háreketlerdi qashan, qalay kelgenin biliwde qıyın eń ashınarlısı onıń aqıbetinde ornın qaplap bolmas zıyanǵa ushırawı múmkin. Usınday qáwipler bolıp turǵan bir payıtta jaslardı tárbiyalaw olardı bilimler menen qurallandırıw, olarda idelogiyalıq immunitetti qáliplestiriw zárúr. Ásirese jaslardıń huqıqıy sanasın, huqıqıy bilimin, huqıqıy oylawın joqarılatıw, olardı hár tárepleme barkamal áwlad etip tárbiyalaw jaslar tárbiyasındaǵı tiykarǵı maqsetlerimizdiń biri bolıwı kerek dep oylayman.

**Ádebiyatlar**


1. Ózbekstan Respublikasınıń 2016-jılı 14-sentyabrdegi 406–sanlı Nızamı.

2. Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2022-jıl 28-yanvardaǵı «2022-2026-jıllarǵa mólsherlengen Jańa Ózbekstannıń Rawajlanıw strategiyası haqqında»ǵı 60-PP-sanlı Pármanı.

4. Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2018-jıl 13-apreldegi «Mámleketlik huqıqıy siyasatın ámelge asırıwda Ádillik organlardı hám mákemeler iskerligin túpten jetilistiriw is-ilajları haqqında»ǵı PP-5415-sanlı Pármanı.

5. Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2023-jıl 11-sentyabrdegi ««Ózbekstan-2030» Strategiyası haqqında»ǵı PP-158-sanlı Pármanı.

6. Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2019-jıl 3-maydaǵı «Ruwxıy-aǵartıwshılıq jumıslar nátiyjeligin asırıw boyınsha qosımsha is-ijlar haqqında»ǵı PP-4307-sanlı Pármanı.

7. Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2019-jıl 9-yanvardaǵı «Jámiyette huqıqıy sana hám huqıqıy mádeniyattı joqarılatıw sistemasın túpten jetilistiriw haqqında»ǵı PP-5618-sanlı Pármanı.

8. Pazilov A., Qosnazarov Q., Seytmuratov Q., Qurbaniyazova Z. Pedagogika teoriyası. –Nokis: 2018.

9. Tadjixanov U., Saidov A. Huqıqıy madaniyat nazariyasi. 1-tom. –Toshkent: 1998.



**REZYUME.** Maqolada huquqıy tarbiya tushunchasi, maktab o'quvchilarida huquqiy tarbiyani shakllantirishda qabul qilinayotgan normativ hujjatlar va amalga oshirilishi zarur chora-tadbirlar xususida so'z yuritilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В статье говорится о понятии правового воспитания, нормативных документах, принятых в сфере формирования правового воспитания школьников и мерах, которые необходимо реализовать.

**SUMMARY.** The article talks about the concept of legal education, the normative documents adopted in the formation of legal education of schoolchildren and the measures that need to be implemented.